



Pou Piblikasyon Imedya: 19/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU YO FLOTE DRAPO YO A DEMI-MA POU ONORE COREY COMPERATORE

Drapo yo ap flote a demi ma nan dat 19 jiyè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo yo sou bilding Eta a pral flote a demi-ma nan dat 19 jiyè pou onore Corey Comperatore.

"Corey Comperatore se te yon papa, yon fonksyonè piblik, ak yon Ameriken fyè ki pèdi lavi li nan yon zak vyolans san sans ki souke kè demokrasi nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap onore memwa li, ann angaje nou yon lòt fwa ankò pou nou respekte pi bon eleman nan nati nou yo, ak libète kolektif nou jwi antanke nasyon."

Yo te touye Comperatore nan dat 13 jiyè nan yon tantativ asasina kont ansyen Prezidan Donald Trump nan Butler, PA. Li kite nan dèy madanm li Helen ak de pitit fi l yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)